

NAN TRIBINAL SIPERYÈ ETA DELAWARE

KONSÈNAN: NOMINASYON KOMISÈ GOUVÈNMAN POU TRETE DOSYE KI LYE AK ÒDONANS PWOTEKSYON KONT VYOLANS SEKSYÈL

ÒDONANS ADMINISTRATIF 2023-4

Jou sa a ki se 13 septanm 2023.

KÒM, nan dat 10 avril 2023, Chapit 72 Tit 10 konsènan Òdonans
Pwoteksyon pou Viktim Vyolans Seksyèl te vin an vigè;

KÒM, 10 *Del. C. § 512* gouvène jiridiksyon ak pouvwa Komisè gouvènman
Tribinal Siperyè a;

KÒM, 10 *Del. C. § 512(b)(1)b* pèmèt Jij Prezidan an nonmen Komisè
gouvènman pou mennen odyans yo, sa ki gen ladan odyans pou prèv yo;

KÒM, Òdonans Administratif 2023-3 ki te antre an vigè nan dat 17 avril
2023 mande pou klarifiye nòm revizyon jijman yon Komisè gouvènman;

KOUNYE A, jou ki se 13 septanm 2023 sa a, **YO BAY LÒD** pou Òdonans
Administratif 2023-4 la anile epi ranplase Òdonans Administratif 2023-3 a nèt epi
pou Komisè gouvènman Tribinal Siperyè yo ka trete depozisyon Òdonans
Pwoteksyon Kont Vyolans Seksyèl dapre 10 *Del. C. §§ 7204, 7205 ak 7206*. Nenpòt
pati Komisè gouvènman Tribinal Siperyè a bay yon jijman kont li, dapre lwa sa yo,

ka depoze yon objeksyon ekri dapre 10 *Del. C.* § 512(b)(1) d. nan Tribinal la epi yon Jij Tribinal Siperyè a ap revize objeksyon sa an *de novo* (yon lòt fwa).

/s/ Eric M. Davis
Jij Prezidan Eric M. Davis